# К.Халмуратов Қоңырат районы ҳәкими лаўазымына тайынланды

17-октябрь күни халқ депутатлары Қоңырат районлық Кеңесиниң гезексиз 17-сессиясы болып өтти.

Сессияға Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының орынбасары А.Давлетов қатнасып, районды социаллық-экономикалық жақтан раўажландырыў, әсиресе, бүгингидей сынаўлы дәўирде халықтың турмыс дәрежесин жақсылаў, жумыссыз пуқаралардың бәнтлигин тәмийинлеў, жәрдемге мүтәж ҳәм кем тәмийинленген шаңарақларды қоллап-қуўатлаў бойынша алға қойылған ўазыйпаларға ҳәр тәреплеме тоқталып өтти ҳәм Қоңырат районы ҳәкими лаўазымына усы күнге шекем Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик Салық басқармасы баслығы лаўазымында ислеп келген Халмуратов Каллибек Жолдасбаевичты усыныс етти.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Усыныс етилген талабанды районлық Кеңестиң бир қатар депутатлары қоллап-қуўатлап сөзге шықты.

Мағлыўмат орнында атап өтиў керек, К.Халмуратов өткен жыллар даўамында Қараөзек районы ҳәкиминиң экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыў мәселелери бойынша орынбасары, Кегейли районы ҳәкиминиң экономикалық ҳәм исбилерменлик мәселелери бойынша биринши орынбасары, Өзбекстан Республикасы Экономика министрлиги Санааттың базалық тармақларын

раўажландырыў стратегиялары мәселелери бас басқармасы баслығы орынбасары, Қарақалпақстан Республикасы Экономика министри, Қарақалпақстан Республикасы мәмлекетлик Салық басқармасы баслығы сыяқлы жуўапкершиликли лаўазымларда мийнет етип келген.